

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar sababaraha sub bab ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan data, jeung analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Yam & Taufik (2021), métode panalungtikan kuantitatif nyaéta panalungtikan anu museur kana ngukur jeung nganalisis sabab akibat hubungan antar variabelna. Métode kuasi ékspérimén nurutkeun Abraham & Supriyati (2022) mangrupa hiji panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén, henteu ngagunakeun kelas kontrol. Salila lumangsungna prosés panalungtikan, kamampuh siswa diukur saméméh jeung sanggeus dibéré *treatment* ngagunakeun modél *two stay two stray*. Hasilna bisa ditingali ku cara ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *post-test*. Struktur désain ieu panalungtikan téh digambarkeun ngagunakeun désain *one group pre-test and post-test design*.

Dina ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pre-test* pikeun ningali kamampuh siswa nulis sisindiran, tuluy ngalakukeun *treatment* sangkan ngalatih kamampuan siswa dina pangajaran nulis sisindiran kalawan ngagunakeun modél *two stay two stray*, tuluy dipungkas ku méré *post-test* pikeun ningali parobahan kamampuh nulis sisindiran sanggeus dibéré *treatment*. Désain panalungtikan anu digunakeun digambarkeun di handap.

Tabél 3.1
Désain Panalungtikan

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Nurutkeun Abraham & Supriyati (2022)

Keterangan :

O₁ : *pre-test* (kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *two stay two stray*).

X : *treatment* (ngagunakeun modél pangajaran *two stay two stray*).


O₂ : *post-test* (kamampuh nulis sisindiran siswa sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray*).

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Sumber datana siswa kelas XI-2 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2023/2024. Ieu sakola perenahna di Jl. Senjaya Guru Kampus UPI, Kelurahan Isola, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat 40154. Kurikulum anu dipaké di ieu sakola nyaéta Kurikulum Merdeka pikeun kelas X jeung kelas XI jeung Kurikulum 2013 pikeun kelas XII. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas XI-2 anu ngawengku 24 siswa, 10 lalaki jeung 14 awéwé.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa léngkah-léngkah aktivitas anu dilakukeun ku panalungtik pikeun meunangkeun hasil, tujuan, jeung kacindekan sacara sistematis. Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test and post-test desain*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan 3.1 di luhur, prosedur panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

a. Idéntifikasi masalah

Tahapan kahiji dina panalungtikan nyaéta ngaidéntifikasi masalah anu karandapan ngeunaan pangajaran nulis sisindiran.

b. Rumusan masalah

Tahapan kadua nyaéta panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana masalah anu karandapan dina wangun sababaraha patalékan.

c. Raraga tiori

Tahapan katilu nyaéta nangtukeun raraga tiori pikeun ngarojong panalungtikan.

d. Ngarumuskun hipotésis

Tahapan kaopat nyaéta ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jawaban dina panalungtikan.

e. Ngarumuskeun instrumén

Tahapan kalima nyaéta panalungtik nyieun instrumén mangrupa soal anu sarua antara *pre-test* jeung *post-test*.

f. *Pre-test*

Tahapan kagenep nyaéta panalungtik ngukur kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh ngunakeun modél *two stay two stray*.

g. Ngagunakeun modél *two stay two stray*

Tahapan katujuh nyaéta panalungtik méré stimulus ka siswa ngagunakeun modél *two stay two stray*.

h. *Post-test*

Tahapan kadalapan nyaéta panalungtik ngukur deui kamampuh siswa dina nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray*.

i. Analisis data

Tahapan kasalapan nyaéta panalungtik ngolah data sanggeus ngagunakeun tés *pre-test* jeung *post-test* make rumus-rumus dina *SPSS* versi 26.

j. Kacindekan

Tahapan kasapuluh nyaéta panalungtik nyieun kacindekan tina tahapan-tahapan sacana tuluy disusun kana wangun skripsi.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik tés tulis. Ieu panalungtikan ngalaksanakeun dua kali téhnik tés tulis nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Kahiji *pre-test* nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh ngagunakeun modél *two stay two stray*, kadua *post-test* nyaéta hasil ahir kamampuh siswa nulis sisindiran sanggeus dibéré *treatment* ku cara ngagunakeun modél *two stay two stray*.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta dijelaskeun saperti di handap.

- 1) Siswa ngerjakeun soal *pre-test* pikeun mikanyaho pangaweruh kana nulis sisindiran.
- 2) Guru ngajelaskeun matéri ngeunaan sisindiran ka siswa.
- 3) Tuluy guru méré *treatment* ngagunakeun modél *two stay two stray* ka siswa.
- 4) Siswa ngerjakeun soal *post-test* sanggeus diajar ngagunakeun modél *two stay two stray* pikeun mikanyaho pangaweruh sanggeus dibéré *treatment*.
- 5) Béda kamampuh siswa dina nulis sisindiran katingali dina skor *pre-test* jeung *post-test* anu geus dilaksanakeun.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés tulis. Dina prosés panalungtikan ieu baris dilaksanakeun *pre-test* jeung *post-test* sangkan mikanyaho kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray* dina pangajaran nulis sisindiran. Instrumén panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Instrumén Panalungtikan

Wasta : Kelas : No. Absén : Lengkepan sisindiran dihandap! 1. Paparikan a. Kamari kuring diurut, diurutna ku Mang Oleh. 2. Rarakitan a. Lamun urang ka Cikolé, moal hésé barang dahar. 3. Wawangsalan a. Wadah nu dipaké nginum. Akang indit abdi ihlas. Wangsalna:	b. Murak buah di Tunggilis, Rarasaan anu geulis, b. Aya listrik di masigit, Aya istri jangkung alit, b. Wangsalna: hapé
--	---

3.6 Analisis Data

Téhnik analisis data mangrupa kagiatan data tina hasil panalungtikan. Dina nganalisis data panalungtikan, maluruh hasil kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray*.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha tahapan anu dilakukeun dina nganalisis hasil kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray*, diantaranya saperti ieu di handap.

- a. Mariksa jeung meunteun hasil tina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray* dumasar kana kritéria. Tuluy dimekarkeun sarta diaplikasikeun kana skala skor aspék nu dipeunteun nurutkeun Nurgyantoro (dina Kuswari, 2010) anu ditétélakeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Skala Skor Aspék anu Dipeunteun dina Tés Nulis Sisindiran

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor	Kritéria
1.	Organisasi Eusi	5	Hadé pisan: hartina sampurna, urutan logis jeung lengkep maham kana papasingan sisindiran.
		4	Hadé: hartina urutan logis tapi kurang lengkep, kurang maham kana papasingan sisindiran.
		3	Cukup: hartina urutan kurang logis tapi lengkep, kurang maham kana papasingan sisindiran.
		2	Kurang: hartina urutan teu logis tapi lengkep, teu maham papasingan sisindiran.
		1	Kurang pisan: hartina urutan teu logis jeung teu lengkep, teu maham kana papasingan sisindiran, teu pantes diajén.
2.	Diksi (pilihan kecap)	5	Hadé pisan: hartina sampurna, milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan kana pangwangunan kecap.
		4	Hadé: hartina milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, ngan kurang ngawasa kana pangwangunan kecap.
		3	Cukup: hartina kecap kawatesanana, milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna cukup merenah.
		2	Kurang: hartina kecap kawatesanana, milih kekecapan jeung maké kosa kecapna aya nu salah nepi ka ngarobah ma'na.
		1	Kurang pisan: hartina dina milih kekecapan asal-asalan, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap, teu pantes diajén.
3.	Purwakanti	5	Hadé pisan: hartina sampurna, sora unggal padalisan sasora/murwakanti saluyu jeung ugeran dina sisindiran.
		4	Hadé: hartina kadang-kadang sora kecap unggal padalisan aya anu teu saora, tapi saluyu jeung ugeran sisindiran.
		3	Cukup: hartina sora kecap unggal padalisan kurang atawa leuwih sasora, tapi saluyu jeung ugeran sisindiran.

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor	Kritéria
		2	Kurang: hartina sora kecap unggal padalisan loba anu teu sasora, teu saluyu jeung ugeran sisindiran.
		1	Kurang pisan: hartina sora kecap unggal padalisan aya nu teu saluyu jeung ugeran dina sisindiran, teu pantes diajén.
4.	Guru Wilangan	5	Hadé pisan: hartina sampurna, lengkep euweuh kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		4	Hadé: hartina aya saeutik kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		3	Cukup: hartina aya sababaraha kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		2	Kurang: hartina kurang maham, loba kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		1	Kurang pisan: hartina teu lengkep, loba pisan kasalahan dina ngitung guru wilangan, teu pantes diajén.
5.	Éjahan	5	Hadé pisan: hartina sampurna, maham kana aturan penulisan, bener, euweuh kasalahan dina éjahan.
		4	Hadé: hartina cukup maham, kadang salah éjahan tapi teu ngarobah ma'na.
		3	Cukup: hartina cukup maham, loba kasalahan dina éjahan sarta ngarobah ma'na.
		2	Kurang: hartina kurang maham, loba kasalahan dina éjahan sarta ngarobah ma'na.
		1	Kurang pisan: hartina teu maham, loba pisan kasalahan sarta ngarobah ma'na.
6.	Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan: hartina sampurna, rapih, bisa ngaruntuykeun tulisan, jelas ngeunakeun huruf dina tulisan.
		4	Hadé: hartina geus maham, bisa ngeruntuykeun tulisan tapi aya kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		3	Cukup: hartina cukup maham, cukup bisa ngaruntuykeun tulisan, tapi aya sababaraha kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		2	Kurang: hartina kurang maham, kurang bisa ngaruntuykeun tulisan, loba kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		1	Kurang pisan: hartina teu maham, teu bisa ngaruntuykeun tulisan sarta teu jelas dina ngagunakeun huruf.

Nurutkeun Nurgiyantoro (dina Kuswari, 2010)

- b. Méré peunteun jeung nganalisis kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray*, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

- c. Peunteun nu geus diitung disaluyukeun kana skala peunteun nulis sisindiran dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.4
Skala Peunteun Nulis Sisindiran

	Katégori
90-100	Hadé Pisan
80-89	Hadé
65-79	Cukup
55-64	Kurang
0-54	Kurang Pisan

Nurutkeun Sugiantiningsih & Antara (2019)

- d. Ngasupkeun peunteun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray* kana tabel di handap.

Tabél 3.5
Format Peunteun *Pre-test* jeung *Post-test* Nulis Sisindiran

No Absén Siswa	Aspék nu Dipeunteun						Σ	P	Katégori
	A	B	C	D	E	F			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)
Σ									
x									
%									

Katerangan;

1 = Nomer absén siswa
2 = Organisasi eusi
3 = Diksi (pilihan kecap)
4 = Purwakanti
5 = Guru wilangan
6 = Éjahan
7 = Karapihan tulisan

8 = Jumlah skor nu kahontal
9 = Peunteun
10 = Kriteria
 Σ = Jumlah unggal aspék
 x = Rata-rata
% = Pérséntase

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, data diolah jeung dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 26 anu mangrupa hiji program *software* pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistic.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Tujuan dina uji normalitas nyaéta pikeun mikanyaho data panalungtikan distribusi normal atawa henteuna. Sabab, dina *Statistic Parametric* distribusi data

anu normal nyaéta sarat anu mutlak jeung kudu kacumponan. Uji normalitas data bisa dilakukeun sababaraha uji statistik saperti *Shapiro-Wilk* jeung *Kolmogorov-Smirnov*. Anapon hasil analisis pikeun uji normalitas dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

H_1 : distribusi data normal

H_0 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk* sabab data anu ditalungtik <50, ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_1 ditarima, lamun nilai signifikan (sig.) > 0,05

H_0 ditarima, lamun nilai signifikan (sig.) < 0,05

3.6.1.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun mikanyaho ditarima atawa henteuna hipotésis. Aya dua cara pikeun nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil uji normalitas nunjukkeun hasil data anu distribusi normal, éta data dina nguji hipotésisna maké *Statistic Parametric* kalawan nangtukeun *T-test*. Ari lamun data miboga distribusi anu teu normal, éta data diuji hipotésisna maké *Statistic non-parametric* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Paired Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kriteria, dijenrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis Alternatif (H_1) : aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray* ka siswa kelas XI-2 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2023/2024.

Hipotésis Nol (H_0) : teu aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *two stay two stray* ka siswa kelas XI-2 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2023/2024.